

APLIKASYON POU ALOKASYON SIPLEMANTÈ POU ANTÈMAN

(Dapre Atik 17, Seksyon 354-B, Lwa Konsolide New York)

ENPÒTAN: *Reponn tout kesyon yo pou evite nou pran reta pou travay sou aplikasyon an. Tape tout enfòmasyon yo oswa ekri yo an lèt detache. Mete tout dokiman sipò obligatwa yo.*

ENFÒMASYON KONSÈNAN MANM FÒS LAME KI MOURI (DEFEN)

Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi Manm Fòs Lamer ki Mouri a (Defen)		Kay kote dosye defen an ye:
Nimewo Sekirite Sosyal Defen an	Dat Nesans Defen an:	Èske ou fè konnen kòz lanmò a se te nan sèvis la? Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>
Dat Li Te Antre nan Sèvis la:	Kote Li Te Antre nan Sèvis la:	
Branch Sèvis:	Ran oswa Grad:	Nimewo Sèvis:
Dat Lanmò a:	Kote Lanmò a te Fèt:	

ENFÒMASYON KONSÈNAN MOUN KI FÈ DEMANN KONPANSASYON

Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi Moun ki Fè Demann Konpansasyon:	Sa li ye pou Moun ki Mouri a:
Adrès Postal Moun ki Fè Demann Konpansasyon (<i>Nimewo ak Ri, oswa (Wout Andeyò, oswa Bwat Postal, Vil, Eta ak Kòd Postal)</i>)	Nimewo Telefòn (Mete Kòd Rejyonal) (Kay) (Travay)

DEMAND ALOKASYON SIPLEMANTÈ POU PEYE ANTÈMAN

Non ak Adrès Ponp Finèb ki responsab pou preparasyon antèman an:		
Kote antèman ap fèt oswa kote yo mete sann nan:		
Depans total seremoni antèman, antèman, sèvis transpò, kav: \$		
Lajan kimoun yo te itilize?	Kantite lajan ki peye: \$	
Èske moun yo te itilize lajan li a te resevwa tout ranbousman lajan an oswa yon pati ladan? Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	Sous:	Kantite Lajan: \$
Depans total ki soumèt (etadkont tache) \$	Alokasyon federal ou resevwa pou antèman an \$	
Depans moun ki fè demann konpansasyon an te fè \$	Alokasyon Siplemanntè moun nan mande pou Antèman \$	

*Mwen **KONFIME** deklarasyon moun ki mande konpansasyon an fè anwo a se deklarasyon ki kòrèk dapre tout sa mwen konnen ak kwè.*

Siyati moun ki fè demann konpansasyon

Non moun ki fè demann konpansasyon (Tanpri tape oswa ekri an lèt detache)

Dat la

Alokasyon Sipleman tè pou Antèman jiska \$6,000 otorize pou sèten anplwaye fòs lame ki mouri nan konba oswa pandan yo nan sèvis aktif nan zòn lennmi/danje k ap vini nan dat 29 septanm 2003 oswa apre dat sa a.

Alokasyon sipleman tè pou antèman bay yon peman maksimòm \$6,000 pou ranbouse depans pou sèvis antèman ak antèman pou manm fòs lame ki t ap viv nan Eta New York, epi ki t ap resevwa peman espesyal pou sèvis aktif ki te anba koutzam lennmi oswa danje k ap vini nan moman lanmò yo.

Kimoun ki kalifye?

Alokasyon pou antèman ap bay peman pou manm fanmi ki responsab pou fè depans pou sèvis antèman ak antèman. Men benefisyè ki kalifye pou ranbousman an se, nan lòd priyorite:

1. Madanm/mari oswa patnè nan kay defen kalifye ki vivan
2. Pitit adilt defen kalifye
3. Paran defen kalifye
4. Nenpòt lòt manm fanmi defen kalifye

Ki dokiman ki obligatwa?

1. Prèv Lanmò a (rapò sou lanmò a, sètifika lanmò a)
2. Prèv adrès defen an nan Eta New York
3. Prèv relasyon avèk defen an (sètifika maryaj, batistè)
4. Etadkont ponp finèb la bay (ki montre non defen an, kalite ak pri tout sèvis yo bay yo, ak nenpòt balans ki poko peye)
5. Kopi bòdwo ki peye yo
6. Fòm aplikasyon ou ranpli pou nenpòt alokasyon gouvènman federal bay

Èske gen yon limit tan pou aplike pou alokasyon sa a?

Wi. Nou fèt pou resevwa aplikasyon yo anvan dezan ki vini apre antèman pèmanan oswa ensinerasyon kadav la.

Voye aplikasyon yo nan adrès:

NYS Division of Veterans' Affairs

c/o Finance Unit

#2 Empire State Plaza

Albany, NY 12223